

Travay an liy pou elèv CUC/KIK

Kolonizasyon espayòl

Aktivite

Jaden danfan

Li istwa a 2 fwa pou timoun yo. Fè jès pou ou montre sa endyen yo te manje, jan yo te abiye

Tèks 1

Mwen se yon ti TAINO. Mwen rele Anri, Enrique. Blan panyòl yo chanje non m ankò, yo vin ban m ti non Enriquillo. Fanmi mwen se endyen. Endyen Taïno yo te abiye tou senp ak plim poul tou. Nou manje fèy, nou boukannen pwason. Nou bwè dlo sous fre. Pitit pitit pitit pitit pitit mwen Anri vin rankontre ak nwa afriken pou yo bati Ayiti, peyi sa a kote w ap viv la. Se Taino yo ki te premye rele peyi a AYITI. Nan lang endyen yo, Ayiti vle di Tè Mòn...

Aktivite 1

Poze kèk kesyon sou tèks la tankou.

1. Anri te moun ki kote? /Ki moun ki te Kristòf Kolon an? Èske ou kwè ou se pitit pitit Anri sa a? Koman yo rele granpè w? /

2. Fè elèv yo trase/ dekoupe yon moso twal ouswa papye epi mete yon plim poul nan mitan bann lan. Yo ka mare tèt yo ak bann twal la ou byen papye a.

Ak yon vye rad moso fisèl yo ka fè yon pay mete devan yo

Elèv PS3 ak Premye ane ka li mo Taino a epi aprann non chak let nan Taino

1e sik

Y ap ka li tèks la pou kont yo men ou ka ede si nesèsè, apre lekti tèks 1, poze yo kesyon pou sa verifeye si elèv yo konprann.

1. Ki moun ki te premye bay peyi a non Ayiti? /Eske non an sanble ak tè a? Eksplike/.3/ Mo Taïno a, dapre ou, se yon mo a) panyòl an) b) endyen ch) b) ayisyen d) Kreyòl.

Rechèch

Fè yon lis sa ou manje ki sot nan glas oswa nan frijidè ak sa Taïno yo te konn manje/ Ou ka fè menm kalite lis la pour rad tou, pou kote y ap viv/ enstriman mizik, eks.

2è sik

Apre ou fin li tèks #1 an, reponn kesyon yo e fè aktivite yo

1 Anakaona te moun ki peyi? Sa l te ye pou kasik Anri?

- 1 konbyen lèt ki gen nan Enriquillo? Konbyen vwayèl ,konbyen konsòn
- 2 Konbyen ane ki pase ant lè panyòl yo debake Ayiti ak jou peyi a pran endepandans li?

3 Ki sa ki vin anvan nan lòd kwasan, sa vle di sot nan pi piti pou rive nan pi gran 2004 2010 1492 1500 1915

Travail en ligne pour les élèves du CUC/KIK

Colonialisme Espagnole

Activités

Jardin d'enfants

POÈME

TAÏNO

Je suis Enriquillo,
Le brave petit Henri
avec mon pagne d'or
et mon joli plumage
Je suis un Taïno
Comme Caonabo
On m'a pris mes amis,
On m'a pris ma famille
Je vais dans le Bahoruco
Courir et vivre heureux

- Lire et faire répéter le poème TAINO
- Faire découper un pagne dans du carton et placer des plumes de couleur autour de la tête.
- Faire un collage avec quelques plumes.
- Jouer à féminiser le texte
- Je suis Enriquillo/la brave petite Henriette Je suis une Taïno
- Trouver les A dans Anacaona, les encercler
- Trouver les O dans Caonabo et Bahoruco

Première année

- Lire le poème TAÏNO et l'apprendre par cœur
- Encercler la première lettre et dire le son dans
- Anacaona, Bahoruco Caonabo
- Se présenter et présenter sa famille comme Henri
- Commencer avec JE SUIS

Deuxième et troisième année

- Lire le poème Taino et l'apprendre par cœur
- Répondre aux questions
- Que veut dire Enriquillo?
- Ou vivait Enriquillo?
- Copie les mots et les noms qui ne sont pas français dans ton cahier
- Copie le poème TAINO dans ton cahier de poèmes

3è sik

Li tèks #2 a epi reponn kesyon yo

Tèks #2

Te gen yon ti Taino yo te rele Anri ki te brav anpil. Nou pa konn non Taino li men nou konnen panyòl yo ki te vin debake nan peyi kote l t ap viv la te rele l Enrique ouswa Enriquillo. Daprè sa yo fè n konnen yo te ba li ti non Enriquillo sa a paske li gen lè pa t twò gwo. Li te fèt nan ane 1500 yo. Sa vle di lontan, lontan. Papa l ak granpapa l t ap viv depi lontan sou tè kote ou ye kounye a. Taino yo se yon gwoup endyen ki te renmen lapè. Yo pa te nan goumen. Yo te manje sa ki te gen sou tè a, legim ak fwi ki te fre anpil. Peyi a te fè bon, te gen anpil frechè akòz valè pyebwa ki te sou tè a. Yo te abiye tou senp ak yon ti pay ki te mare nan tay yo. Yo te konn fè lapèch ak lachas lè yo bezwen manje pwason ak vyann. Pa te gen afè al achte manje nan magazen. Sa potko egziste. Tankou zwazo nan bwa, ou manje sa ou jwenn. Ou bwè dlo sous, fre tankou dlo frijidè. Dayè frijidè potko egziste non plis. Yo te amize yo ak enstriman yo te fabrike. Chante, danse, ekri pwezi, fè desen nan gwòt se aktivite yo te konn fè pou yo amize yo.

Men yon maten daprè sa granpapa Anri rakonte l, 3 bato ki genlè te sot byen lwen akoste nan peyi a. M sipoze ou konprann se Ayiti etranje sa yo te rive. Yo te soti an Espay, yo t ap chèchè lò ak machandiz pou fè kòb. Youn nan chèf pami yo te rele Kristòf Kolon. Larèn peyi Espay sanble te voye mesye Kristòf Kolon sa a pou vin konnen kouman tè sa yo te ye, sa yo te ka fè pou yo fè kòb.

Toujou daprè sa granpapa l ak matant li Anakaona rakonte l, Anri vin aprann moun sa yo ki te blan pa te gen okenn bon lide nan tèt yo. Yo tonbe maltrete endyen yo, fè yo al chèchè lò pou yo e si yo pa jwenn kantite yo mande yo a, yo bat yo. Konsa, nan yon jounen, chak endyen te gen pou pote yon kantite lò Kolon panyòl yo te fikse. Si yo pote kantite a, yo pase yon braslè nan bra yo. Si yo pa te rive jwenn kantite lò a, e yo pa wè braslè, malè pou yo. Baton simen.

Men Larèn Izabèl ki te rete an Espay te mande pou yo pran kèk ti endyen pou mete nan kouvan. Se la ti endyen yo t ap aprann li e aprann katechis katolik. Endyen yo ki te gen relijyon pa yo te blije voye pitit yo nan lekòl blan an ki te chanje relijyon yo ak tout abitud ak mès Taino yo.

Se konsa, Anri te aprann li e te batize nan katolik. Men plis Anri ap wè sa Endyen yo t ap sibi, plis li te twouve sa enjis. Yo te touye papa l e se depi lè sa a, yo te voye l nan kouvan an.

Anri vin grandi e l te youn nan dènye kasik ki te rete yo. Move tretman ak tout move maladi ki soti nan peyi blan yo responsab anpil endyen mouri. Yon kasik se yon chèf endyen moun yo te chwazi pou dirije yo. Yo te divize il la an 5 moso yo rele kasika e se konsa vin gen 5 kasik. Pandan yon reyinyon kasik yo, panyòl met dife nan kote a e tout moun ki t ap sove, yo pran yo, yo tiye yo.

Matant Anri, Anakaona, ki te renmen chante e di pwezi te yon kasik tou. Te gen yon lot fi ki te kasik tou. Panyòl yo pran Anakaona nan pyèj e yo pann kadav li.

2ème cycle

Henri était parfois triste. Pourquoi?

Qu'est ce qu'un pagne?

Combien de syllabes a le mot Bahoruco?

Que veut dire ON M'A PRIS MES AMIS, MA FAMILLE?

Le mot ON dans ON M'A PRIS MES AMIS, MA FAMILLE peut être remplacé par :

a) les indiens b) les haïtiens c) les espagnols

3ème cycle

- *Ecris un poème de 5 lignes sur le modèle du poème TAINO. Commence avec JE SUIS.*
- *Quelle difficultés as tu eues?*
- *Appuie toi sur ce que tu as pu lire sur les indiens pour écrire une page sur l'enfance et l'adolescence d'Henri.*
- *Henri avait été envoyé au couvent/ à l'école ou il devait apprendre à lire et étudier les principes de l'église catholique?*
- *Trouve 5 mots haïtiens qui remontent à la période indienne*
- *Dans quel siècle se passe la résistance d'Henri et de son groupe?*
- *Connais-tu une révolte d'aborigènes (premiers peuples) dans un autre pays? Trouve des détails. L'Amérique, l'Australie?*

Secondaire

- *Traduis en français le texte #2 de la version créole. Enumère les difficultés rencontrées.*
- *Sur quel point sommes nous différents de nos voisins de l'île? Trouve trois raisons historiques qui pourraient expliquer ces différences*
- *Recherche à présenter en français*
- *Comment les indiens d'Haïti faisaient ils du feu?*
- *Trouve au moins trois façons pour un jeune haïtien d'apprendre l'espagnol sans se rendre sur le territoire dominicain et sans laisser Haïti. Sois précis.*
- *Construis une poulie Compare ta réalisation aux poulies commerciales étaux très anciennes poulies Peut être fait en groupe.*

Anri vin marye epi rive yon lè, li vin nan kont ak panyòl yo. Li monte yon gwo rebelyon, epi li sove ak anpil lòt endyen al kache byen fon nan mòn pou panyòl yo pa kenbe yo. Anri ki te nan tèt gwoup sa a rete nan mawon, nan goumen pandan plis pase dis lane. Sa te kòmanse depi 1519 . Sa vin kaba jis nan ane 1533. Pou gwoup Anri a kenbe, yo blije rantre nan kote panyòl yo ye, pran manje , pran zam lannuit oswa le panyòl yo soti. Sa te enève panyòl yo ki fè tout sa yo kapab pou yo kenbe Anri. Se pi gwo batay endyen yo te fè kont panyòl yo. Malgre sa, peyi Lespay ki te mete ak lòt peyi Ewòp yo kontinye kraze peyi Taino yo. Panyòl yo te prèske fin tiye tout Tainos yon an ane 1600 yo.

3e sik

Li tèks # 2 a epi reponn kesyon yo

1 Ki lòt peyi Ewòp ki te vin kolonize bout tè sa a?

2- Asipoze se pa t larèn Izabèl ki te katolik ki te voye kolonize il la, ki lang yo t ap fe timoun tankou ti Anri pale, ki relijyon yo t ap fè yo aprann.

Konpete tablo a

Espay lang kolonizasyon _____ relijyon kolonizasyon an-----

Lafrans lang kolonizasyon _____ relijyon kolonizasyon _____ -

Langlete lang kolonizasyon _____ relijyon kolonizasyon _____

Ilann lang kolonizasyon _____ relijyon _____ -

Pòtigal lang kolonizasyon _____ relijyon _____ -

3- Ekri yon powèm yon paj k ap komanse ak-----Si m te yon taino

4-Mete evenman sa yo nan lòd kwasan. Make dat ki koresponn yo

Tranblemandetè ki pase Pòtoprens nan 21 èm syèk la

Okipasyon ameriken

Debakman panyòl yo nan il la

Endepandans peyi a

Anviwonman 2è 3è sik

Fe yon konpoze nan yon ti sachè sandwich plastik ki ka zipe. Pran yon po bwat ze vid. Koupe li an timoso tou piti. Mete rès fwi, rès legim , brase tou melanj lan, sèvi ak yon chalimo pou brase l epi pou lage yon lit dlo chak 2 3 jou, jispou kenbe anndan sachè a imid. .Obsève sa ki pral rive apre 4 semèn. Rakonte.

Enrichissement émotionnel

- Aurais tu préféré être né de l'autre côté de la frontière? Parles en à un parent ou à un camarade.
- Trouve une ou deux façons de se débarrasser des préjugés pour ou contre haïtiens et dominicains

English

Trouve le mot anglais pour les outils que fabriquaient les indiens : marteau, poulie. Balance, roué.

Espagnol

Même exercice

Segondè

Aprè ou fin li tèks # 2 a, reponn kesyon sa yo oswa kòmanse pawòl la nan youn ou 2 paragraf

1 Gen moun ki di “Pwoblèm anviwonman nou kòmanse depi nan peryòd kolonizasyon espayòl la”. Esplike.

2_ Iزابèl te yon rènen . Lespay te gen yon sistèm _____
Anri te yon kasik. Tainos yo te soti nan sistèm _____
Sistèm _____ pi demokratik pase sistèm _____

3-Ayiti lontan te konn fete debakman Kristòf Kolon. Yo vin pa fete sa ankò. Poukisa dapre ou? Bay opinyon w.

Esè ou disètasyon

Yo di gwoup kasik Anri yo ki te nan mawonaj te konn al sezi manje ak zam nan kan panyòl yo. Èske ou kondane sa? Èske Volè toujou imoral ? Èske ou ka tankou nan ka Anri a jistifye nan ki sikonstans yon zak ka moral, yon zak ka imoral (Devlopman yon paj)

Anviwonman

Ekri biyografi Greta Thunberg nan youn ou 2 paj.